

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa, boh dina wangun lisan atawa tinulis mangrupa sarana komunikasi anu paling éféktif dina kahirupan sapopoé salaku mahluk sosial upama dibandingkeun jeung sarana nu séjén. Kusabab, ayana basa bisa nepikeun pamikiran, gagasan, jeung maksud ka jalma lian. Basa lain sarana tunggal pikeun ngayakeun komunikasi, tapi éféktifitasna dibandingkeun jeung sarana nu lian diyakinkeun pisan.

Kaparigelan basa ngawengku opat komponén nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Pangajaran nulis mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun tina pangajaran basa jeung sastra Sunda. Ku kagiatan nulis, siswa bisa aktif tur kréatif dina mekarkeun ide atawa gagasan anu aya dina pamikiranana.

Tina opat pangajaran basa di luhur, kaparigelan nulis mangrupa prosés kagiatan basa anu kompléks sabab, dina nulis aya sababaraha hal nu kudu dilarapkeun. Ku ayana nulis, siswa bisa ngaéksésikeun pamikiran atawa rasa ka jalma séjén ku cara ngagunakeun média tulis. Luyu jeung téori Crimon (dina Cahyani, 2009, kc. 166) nétélakeun yén nulis mangrupa hiji prosés. Prosés nulis dibagi jadi tilu tahap nyaéta rarancang, nyusun draf, jeung revisi.

Salasahiji widang poko pangajaran Basa di kelas XII nyaéta pangajaran nulis, kaasup dijerona pangajaran nulis téks drama. Drama jadi salasahiji matéri anu aya dina Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP). Tujuan umum tina pangajaran basa jeung sastra Sunda nyaéta siswa miboga pangalaman jeung pangaweruh kana basa jeung sastra Sunda. (SKKD Basa jeung Sastra Sunda, 2007, kc. 90).

Dina nulis téks drama, siswa ngarasa hésé pikeun mekarkeun ide atawa gagasanana, bangbaluh dina pangajaran nulis téks drama téh ti mimiti néangan ide, éjahan, kandaga kecap, jeung dina prakna nulis. Nalika prakna nulis aya sababaraha urang siswa anu can bisa nyawang kumaha alur atawa dialog naon anu rék ditulis dina téks drama. Antukna, pangajaran nulis téks drama téh dianggap

hésé ku siswa, ieu hal mangrupa pancén utama pikeun guru dina ngabiasakeun siswa sangkan resep kana nulis sarta bisa ngaronjatkeun deui kamampuh nulisna.

Luyu jeung masalah anu dipedar diluhur Utari, Parmiti & Sudana (2016, kc. 2) nétélakeun yén guru miboga tugas ngatik, ngajar, jeung ngalatih. Ngatik hartina nuluykeun sarta ngamekarkeun ajén-ajén kahirupan. Ngajar hartina nuluykeun sarta ngamekarkeun élmu pangaweruh, ogé téknologi. Sedengkeun ngalatih hartina ngamekarkeun kaparigelan-kaparigelan ka siswa. Guru anu profésional sok menerkeun kasalahan dina pangajaran nu kurang éféktif sarta ngokolakeun prosés diajar-ngajar pikeun méré rangsangan ka siswa. Sabab, siswa mangrupa subjék dina prosés pangajaran sarta miboga peran dina nangtukeun hasil henteuna prosés pangajaran anu bakal dilarapkeun.

Ku kituna, dina ieu hal guru kudu bisa méré motivasi ka siswa sangkan resep sarta parigel dina nulis, husuna dina nulis téks drama. Salian ti éta, guru kudu miboga kaparigelan dina nepikeun bahan pangajaran nalika lumangsungna kagiatan diajar-ngajar di jero kelas, carana nyaéta ngarobah ngagunakeun modél pangajaran anu leuwih ngirut tur bisa nyieun suasana diajar nu éféktif sarta ngaronjatkeun kréativitas siswa dina nulis. Salasahiji modél pangajaran nu bisa ngungkulan éta masalah nyaéta modél *Explicit Instruction*.

Modél *Explicit Instruction* dimekarkeun ku téorina Albert Bandura dina Aunurrahman, (2009, kc. 169) nétélakeun yén modél *Explicit Instruction* mangrupa hiji modél dimana kagiatanana museur kana aktivitas-aktivitas akademik sangkan dina implémentasi kagiatan pangajaran guru bisa ngontrol siswa kalawan bener kana kamajuanana dina ngagunakeun waktu sacara éféktif pikeun ngokolakeun kelas anu dikontrol sacara tuluy-tumuluy.

Anapon panalungtikan Modél *Explicit Instruction* anu geus aya, nyaéta “Keéféktifan Modél *Make a Match* jeung Modél *Explicit Instruction* dina Pengajaran Nulis Aksara Sunda (Penelitian Ékspérimén untuk siswa kelas X SMAN 1 Sukaresmi Taun Ajaran 2012/2013) ku Elsi Juliar”.

Kitu ogé panalungtikan ngeunaan téks drama anu kungsi dilaksanakeun di antarana nyaéta “Téhnik Transformasi Carita Pondok pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Drama (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII RPL A SMK Puragabaya Bandung Taun Ajaran 2013/2014) Ku Ratnanengsih”.

Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan anu judulna “Modél *Explicit Instruction* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Drama (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana masalah anu geus dipedar dina kasang tukang, teu sakabéh siswa resep kana pangajaran nulis. Dina nulis téks drama, siswa ngarasa hésé pikeun mekarkeun ide atawa gagasanana, bangbaluh dina pangajaran nulis téks drama téh ti mimiti néangan ide, éjahan, kandaga kecap, jeung dina prakna nulis.

Dina kaparigelan nulis téh loba pisan rupana, sangkan teu lega teuing ambahana, ieu masalah dina panalungtikan téh diwatesanan nyaéta dipedar ngeunaan Modél *Explicit Instruction* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Drama ka Siswa XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha rarancang pangajaran nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017?
- 2) Kumaha prosés pangajaran nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017 dina tiap siklus?
- 3) Kumaha hasil diajar nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017 dina tiap siklus?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum anu baris dihontal nyaéta ngaronjatkeun kualitas nulis siswa, utamana dina pangajaran nulis téks drama, kalayan ngagunakeun modél *Explicit Instruction* dina raraga ngaréngsékeun bangbaluh pangajaran nulis téks drama di kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun :

- 1) rarancang pangajaran nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna;
- 2) prosés pangajaran nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna;
- 3) hasil pangajaran nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta mekarkeun élmu atawa téori ngeunaan modél pangajaran basa Sunda hususna modél *Explicit Instruction* bisa dilarapkeun dina pangajaran nulis téks drama.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun siswa, guru, jeung panalungtik baris dipedar saperti ieu di handap:

- a. pikeun siswa, ngaronjatkeun hasil diajar dina kagiatan nulis téks drama, sarta leuwih mekarkeun deui ide, gagasan, jeung apersépsi siswa kana karya sastra husuna dina nulis téks drama.
- b. pikeun guru, ngaronjatkeun kaparigelan ngagunakeun modél *Explicit Instruction* sangkan satuluyna bisa dipaké jadi salasahiji modél pangajaran dina nulis téks drama, nangtukeun wangun tindakan dina unggal prosés pangajaran sangkan ngaronjatkeun minat jeung hasil diajar siswa.

- c. pikeun panalungtik, ngamekarkeun kamampuh ngararancang jeung ngalarapkeun modél *Explicit Instruction* dina pangajaran nulis téks drama.

1.5 Raraga Tulisan

Eusi skripsi ngawengku lima bab, anu dijerona ngébréhkeun ngeunaan pedaran anu sistematis dumasar kana maksud judul bab anu diébréhkeun.

Bab I Bubuka

Dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Raraga Mikir, jeung Hipotésis

Dipedar ngeunaan modél pangajaran, modél *Explicit Instruction*, pangajaran nulis téks drama, sarta dipedar ogé ngeunaan raraga mikir jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan

Dipedar ngeunaan desain panalungtikan, méthode panalungtikan, *setting* panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan

Dipedar ngeunaan déskripsi jeung hasil analisis kamampuh nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka Siswa Kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017.

Bab V Kacindekan, Saran, jeung Rékoméndasi

Dipedar ngeunaan kacindekan, saran, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.